

## **Urucanco rwo gukinga KOVID-19**

Nk'uko musanzwe muzi Umugera wa Korona, uzwi kandi kw'izina rya KOVID -19, n'ingwara iteye ubwoba kandi imaze igihe yongerekana muri buri gihugu kw'isi yose. Hano muri Rhode Island, abantu barenga 85.000 baramaze gufatwa na KOVID-19, kandi hafi 1.800 baramaze kwicwa na KOVID-19.

Harateguwe urucanco kugira ngo abantu bakingirwe gufatya na KOVID-19, kandi ruriko ruratangwa.

Urucanco n'uburyo butunganywa kugira ngo bufashe umubiri w'umuntu kurwanya ingwara, nuko rero, iyo umuntu aronse urucanco , arashobora kwibera ngaho ingwara ntumufate.

Urucanco n'ingirakamaro kubera ko ntirukingira umuntu aruronse gusa, ariko kandi rurarinda ko imigera ikwirakwira no ku bandi, nk'abagize umuryango wiwe, ababanyi, abo bigana, canke abandi bose baho ubaye.

Urucanco rushasha rwa KOVID-19 rwabanje gusuzumwa neza muri Reta Zunze Ubumwe za Amerika. Urucanco rwa KOVID-19 nta mugera muzima rufise kandi nta makenga namwe rteye yo gutera ingwara umuntu yarutewe.

Urucanco rwa KOVID-19 rukoreshwa muri Reta Zunze Ubumwe rusaba guterwa kabiri. Urwa mbere ruratangura rukubaka urukingo , ariko umwe wese akwiye kugaruka inyuma y'amayinga make kugira aterwe urwa kabiri rukinga mu buryo bukomeye.

Abantu benshi nta ngorane bigera bagira ziteye ubwoba bahejeje gucancwa. Bimwe abantu bamaze kuvuga vyabashikiye bamaze kuruterwa, n'ububabare bwo ku kuboko, guhishira aho baruteye, canke ukavyumva bakozeko. Ariko ivyo bimenyetso vyose birijana mu gihe c'indwi imwe. Hariho abantu bavuga ko babara umutwe canke bagira ubushuhe iyo bahejeje kuronka urwo rucanco. Izo ngaruka zose n'ikimenyetso cuko abasoda b'umubiri wawe baba bariko barakora neza ico babwirizwa gukora. Baba bariko barakora kandi bakinga neza ingwara.

Amadoze y'uruwingo yaguzwe hatanzwe n'ama tagisi mu madolari y'Amanyamerika azohabwa buri mutnu ku buntu. Naho biruko, abatanga urwo rucanco barashobora gusaba amahera make yo gutera uwo mutnu. Abatanga urucanco barashobora gusubizwa ayo mahera biciye muri mituweri y'ighugu canke y'abigenga, canke agatangwa n'umurwayi mu gihe ata mituweri akoresha, canke n'ibindi bigo bijewe amagara y'abantu Abafasha Gutanga Uburyo ku Babikwiye (Administration's Provider Relief Fund).

Buri Gihugu cose kira fise integuro y'abazobanza gucancwa nuko urucanco ruzobashikira. Abajejwe amagara y'abantu hamwe n'abashaje nibo bazobanza gucancwa. Inyuma y'iryo tangwa rya mbere, Reta ya Rhode Island izerekana ayandi mabwirizwa yo kwisunga mu misi igiye kuza. Ayandi makuru woyasanga kuri [www.C19vaccineRI.org](http://www.C19vaccineRI.org)